

## **BAB III**


### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab dipedar (1) desain panalungtikan; (2) métode panalungtikan; (3) sumber data; (4) téhnik ngumpulkeun data; jeung (5) téhnik analisis data.

#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan nyaéta prosés anu dirarancang pikeun nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hal anu baris dilakukeun (Arikunto, 2013:175). Desain panalungtikan mangrupa bagan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah anu dilakukeun ku panalungtik dina prak-prakan panalungtikan.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



### 3.2 Méthode Panalungtikan

Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif. Nurutkeun Bodgan jeung Taylor, panalungtikan kualitatif nyaéta métode anu ngahasilkeun data déskriptif dina wangun kekecapan, boh tinulis boh lisan (Ratna, 2010:94).

Méthode nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngaréngsékeun masalah anu ditalungtik (Siswantoro, 2014:55-56). Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif. Méthode déskriptif mangrupa métode anu digunakeun pikeun ngaréngsékeun masalah ku cara ngagambarkeun kaayaan subjék atawa objék panalungtikan (novél, drama, carita pondok, puisi) dumasar kana fakta anu aya di lapangan (Nawawi dina Siswantoro, 2014:56). Ngaliwatan ieu métode, panalungtik ngadéskripsikeun data-data anu kapanggih dumasar hasil analisis nepi ka bisa nyieun kacindekan (Ratna, 2010:53).

Respi Lestari, 2016

**RUMPAKA KAWIH DINA KASENIAN RONGGÉNG GUNUNG DI DÉSA CIULU KECAMATAN BANJARSARI KABUPATEN CIAMIS**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Métode déskriptif dipaké pikeun ngadéskripsikeun struktur lahir, struktur batin, jeung unsur stilistik anu aya dina rumpaka kawih dina kasenian Ronggég Gunung di Désa Ciulu Kecamatan Banjarsari Kabupatén Ciamis.

### 3.3 Sumber Data

Anu disebut sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék ti mana dicangkingna éta data (Arikunto, 2013:172). Upama panalungtik ngayakeun kagiatan wawancara dina ngumpulkeun data, mangka sumber datana mangrupa narasumber/informan. Upama panalungtik ngagunakeun téknik obsérvasi, mangka sumber datana mangrupa barang, paripolah, atawa prosés hiji hal. Upama panalungtik ngagunakeun téhnik dokuméntasi, mangka sumber datana mangrupa kumpulan catetan (Arikunto, 2013:129).

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta bi Raspi salaku narasumber ti Sanggar Seni Ronggég Gunung “Panggugah Rasa” di Désa Ciulu Kecamatan Banjarsari Kabupatén Ciamis. Datana mangrupa rumpaka kawih anu dikumpulkeun dumasar kana hasil wawancara.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013:203) instrumén nyaéta pakakas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanna leuwih gampang sarta meunangkeun hasil anu hadé, dina harti taliti, lengkep jeung sistematis sangkan leuwih gampang ngolah datana.

Dina ngumpulkeun data, instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan ngawengku pedoman wawancara, pedoman inventaris, jeung kartu data.

#### 3.4.1 Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngumpulkeun informasi ngeunaan rumpaka kawih dina kasenian Ronggég Gunung. Ieu satuluyna dipedar pedoman wawancara dina ieu panalungtikan.

- 1) Idéntitas Narasumber
  - a. Ngaran :
  - b. Warna Jinis :
  - c. Tempat Ping Gumelar :

Respi Lestari, 2016

**RUMPAKA KAWIH DINA KASENIAN RONGGÉNG GUNUNG DI DÉSA CIULU KECAMATAN BANJARSARI KABUPATÉN CIAMIS**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- d. Padumukan :
- e. Agama :
- f. Atikan :
- g. Pakasaban :
- h. Basa anu Dipaké Sapopoé :

2) Kasang tukang kasenian Ronggég Gunung

- a. Kumaha sajarah kaciptana Ronggég Gunung?
- b. Kumaha kamekaran tina kasenian Ronggég Gunung?
- c. Dina acara naon waé kasenian Ronggég Gunung dipintonkeun?
- d. Naon fungsi tina kasenian Ronggég Gunung?
- e. Kumaha prak-prakan kasenian Ronggég Gunung
- f. Saha waé palaku dina kasenian Ronggég Gunung?
- g. Naon waé waditra anu digunakeun dina kasenian Ronggég Gunung?

3) Kawih dina kasenian Ronggég Gunung

- a. Kawih naon waé anu aya dina kasenian Ronggég Gunung?
- b. Kawih naon kawih anu paling mindeng dihaleuangkeun/dipundut?
- c. Kumaha eusi rumpaka kawih dina kasenian Ronggég Gunung?
- d. Naon anu jadi ciri has dina pintonan kawihna?

### 3.4.2 Pedoman Inventaris

Pedoman inventaris digunakeun pikeun ngainventaris rumpaka kawih dina kasenian Ronggég Gunung anu geus kakumpul. Ieu satuluyna mangrupa pedoman inventaris dina ieu panalungtikan.

Tabél 3.1 Format Pedoman Inventaris Rumpaka

<b>No.</b>	<b>Judul</b>	<b>Kode</b>
<b>(1)</b>	<b>(2)</b>	<b>(3)</b>

### 3.4.3 Kartu Data

Kartu data digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu aya dina sumber data (rumpaka kawih dina kasenian Rongg ng Gunung).

Tab l 3.2 Format Kartu Data Rumpaka

Waktu Observasi :

Tempat :

Judul :	
Rumpaka :	Kode:

Sangkan babari dina ngolah datana, ieu panalungtikan og  ngagunakeun sistem tabulasi.

Tab l 3.3 Format Analisis Imaji

No.	Kode	Imaji	Analisis
(1)	(2)	(3)	(4)

Tab l 3.4 Format Analisis Wirahma jeung Purwakanti

No.	Kode	Jumlah Pada	Guru Gatra	Guru Lagu & Guru Wilangan	Wangun
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)

Tabél 3.5 Format Analisis Struktur Batin

No.	Kode	Téma/Ma'na	Rasa	Nada	Amanat/Maksud/Tujuan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)

Tabél 3.6 Format Analisis Unsur Stilistik

No.	Kode	Gaya Basa	Analisis
(1)	(2)	(3)	(4)

### 3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan ngawengku téhnik obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

1. Téhnik obsérvasi, mangrupa niténan sacara langsung kaayaan jeung hal anu dijadikeun sumber data pikeun maluruh rumpaka kawih Ronggég Gunung.
2. Téhnik wawancara, nyaéta téhnik ngumpulkeun data ti para narasumber anu ahli atawa paham perkara rumpaka kawih dina Ronggég Gunung.

Dumasar téhnik-téhnik anu geus diébréhkeun di luhur, ieu satuluyna dipedar léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan.

1. Ngayakeun obsérvasi ka sanggar kasenian Ronggég Gunung.
2. Ngayakeun wawancara jeung seniman atawa narasumber.
3. Ngumpulkeun rumpaka kawih ti seniman atawa narasumber.
4. Nyalin rumpaka kawih kana kartu data.
5. Méré kode kana rumpaka kawih, pada, jeung padalisan.
6. Data dipilah kana tabél anu geus dijieun.

### 3.6 Téhnik Analisis Data

Respi Lestari, 2016

*RUMPAGA KAWIH DINA KASENIAN RONGGÉNG GUNUNG DI DÉSA CIULU KECAMATAN BANJARSARI KABUPATEN CIAMIS*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Data anu geus dikumpulkeun kudu dianalisis pikeun didéskrripsikeun sangkan bisa dijieun kacindekanana. Ieu di handap dipedar léngkah-léngkah analisis data anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan.

1. Niténan deui rumpaka kawih anu geus kakumpul.
2. Nyieun papasingan rumpaka kawih.
3. Nganalisis struktur rumpaka kawih.
4. Nganalisis unsur stilistik rumpaka kawih.
5. Ngadéskrripsikeun struktur jeung stilistik rumpaka kawih.
6. Nafsirkeun struktur jeung stilistik rumpaka kawih.
7. Nyusun kacindekan jeung saran tina hasil panalungtikan.